# Antretyen ak Amelyorasyon Enstalasyon yo

SIBVANSYON POU ESTABILLIZASYON GADRI

NEW YORK STATE | Office of Children and Family Services

Child Care Stabilization Grants

Help is on the way

**”Antretyen oswa amelyorasyon etablisman”, se ti reparasyon, sa gen ladan espas aprantisaj ak/oswa espas pou jwe deyò, ak ti amelyorasyon pou fè fas ak enkyetid COVID-19**

NEW YORK STATE Office of Children and Family Services

# Reparasyon yo kapab gen ladan bagay sa yo:

- Nesesè pou konfòme avèk prensip sou sekirite nan yon kad apwopriye pou fasilite devlopman
- Kreye yon anviwònman akeyan pou timoun ak fanmi yo
- Rann pwogram gadri yo entegre epi fasil pou timoun ak fanmi ki andikape yo
- Tounen yon pwogram gadri agreye

# Ou kapab itilize fon yo pou:



- Konstwi oswa amelyore espas jwèt yo
- Repare douch yo
- Enstale balistrad, ranp oswa pòt otomatik
- Elimine mi ki pa enpòtan yo pou kite espas pou kenbe distans sosyal
- Ranplase tapi avèk linoleyòm oswa ak yon lòt bagay ki fasil pou netwaye
- Pentire chanm avèk penti dirab e lavab

Anplis de sa, Antretyen ak ti reparasyon ki fèt pou jere pwoblèm COVID-19 lakoz yo ap trè bon tou tankou wobinè ak entèriptè ki pa mande pou moun touche yo.





NEW YORK STATE Office of Children and Family Services

## Ou gendwa PA ka itilize fon yo pou fè konstriksyon oswa gwo reparasyon tankou:

- Chanjman nan estrikti
- Ekstansyon yon etablisman pou mete yon etaj
- Gwo modifikasyon nan yon etablisman
- Gwo renovasyon

Verifye avèk regilatè w/reprezantan sekirite dife anvan ou fè chanjman fizik nan pwogram nan pou asire w sa konfòm ak prensip yo.

## Dosye pou konsève:

- Resi oswa fakti pou nenpòt materyèl oswa ekipman ou achte
- Fakti nenpòt founisè sèvis bay pou nenpòt travay yo fè
- Prèv pèman ki montre kilè ak konbyen lajan yo te peye founisè sèvis la

NEW YORK STATE | Office of Children and Family Services

Pa bliye si travay ou a ap fèt etap pa etap, ekri ki sèvis y ap ba ou nan chak etap, kilè y ap fè li ak konbyen kòb etap sa a ap koute.

Asire w konsève kopi tout fakti ak resi pèman pou tout enstalasyon oswa etap nan travay la.

New York State Office of Children and Family Services

Ou PA oblije soumèt resi oswa fakti oswa jwenn yon apwobasyon preyalab pou atik yo nan men OCFS pou w ka jwenn lajan sibvansyon ou an, men ou dwe dokimante jan ou depanse li. W ap bezwen kenbe dosye sou papye oswa dosye elektwonik sa yo 5 ane pou pi piti.

NEW YORK STATE
Office of Children and Family Services

**Dokimante kijan ou depanse lajan sibvansyon w lan pou w ka montre ou te sèvi avè l pou amelyore pwogram ou an oswa pou ede w redemare aprè Ijans Sante Piblik COVID-19 la.**

# Resous ak zouti pou kòm Èd:

- Regilatè, Reprezantan Sekirite Dife, Ajans lokal pou Resous ak Referans Gadri (CCR&R), ajans enskripsyon, reprezantan sendika,WHEDco
- Lwa pou Ameriken Andikape (Americans with Disabilities Act, ADA) )- https://www.ada.gov/
- Echèl Evalyasyon anviwòmantal pou timoun piti oswa ECERS- https://ers.fpg.unc.edu/environment-rating-scales
- Pwogram Timoun piti ak Fòmasyon- https://www.ecetp.pdp.albany.edu/

NEW YORK STATE Office of Children and Family Services

Gade sit entènèt Sant Èd Estabilizasyon an pou jwenn plis enfòmasyon, mizajou, videyo ak èd biwo nan chak kategori ki nan 8 kategori sibvansyon yo.

**https://ocfs.ny.gov/childcare-stabilization/**

New York State | Office of Children and Family Services